



## Men 3 fason ou kapab vote nan Eleksyon Primè kap vini yo...

### 1. NAN BIWO VÒT OU NAN JOU ELEKSYON AN



**Vote an pèsòn** nan biwo vòt ou, a pati de 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m. **nan Jou Eleksyon an, ki nan dat 6 jwen.** Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

Ale sou sit **VOTE.NJ.GOV** pou jwenn biwo vòt ou, ki sou list Biwo Vòt lan.

### 2. VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN



Opsyon sa a disponib pou tout elektè ki enskri yo pou yo depoze bilten vòt yo **an pèsòn, sou yon aparèy pou vote, pandan yon peryòd twa jou avan Jou Eleksyon an.** Ou kapab chwazi pou ou vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè ou.

Kèlkeswa kote ou abite nan konte an, ou kapab vote bilten spesifik pa ou nan nenpòt nan biwo vòt ki deziyen pou sa nan konte **paw** pou vòt antisipe an pèsòn. Chèche jwenn biwo vòt nan konte ou nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

Biwo vòt pou vòt antisipe an pèsòn yo pral ouvri **vandredi 2 jwen jiska samdi 4 jwen.** Lè ouvèti yo pral **vandredi-samdi, 10:00 a.m. - 8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m. - 6:00 p.m.**

Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

### 3. BILTEN POU VOTE-NAN-LAPÒST




Elektè yo ki enskri kapab fè demand pou resevwa yon **bilten pou vote-nan-lapòst** lè ou swiv enstriksyon yo ki sou sit **VOTE.NJ.GOV** oubyen kontakte Grefye Konte an ki rele ann anglè County Clerk.

Answit, VOTE epi RETOUNEN bilten ou an nan youn nan twa fason sa yo...

- **Nan Lapòst:** Bilten pou vote-nan-lapòst ou an **DWE** genyen kachè ki montre li poste pou pi ta a **8:00 p.m. nan dat 6 jwen** epi se pou yo resevwa li nan Konsèy Eleksyon konte ou pou pi ta nan dat 12 jwen.
- **Bwat Depo Bilten Sekirize:** Depoze bilten pou vote-nan-lapòst ou nan youn nan bwat depo sekirize konte ou an pou pi ta nan lè 8:00 p.m. nan dat 6 jwen. Ou kapab wè kote bwat depo yo sitiye sou sit **VOTE.NJ.GOV**.
- **Biwo Konsèy Eleksyon an:** Depoze bilten pou vote-nan-lapòst ou an an pèsòn nan Biwo Eleksyon konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 6 jwen. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Eleksyon nan Konte an sou sit **VOTE.NJ.GOV**.

**NÒT: Bilten pou vote-nan-lapòst yo PA KAPAB depoze nan biwo vòt antisipe oubyen biwo vòt ou an.**



Gouvènè Phil Murphy  
Sekretè Deta Tahesha Way

**1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)**  
**Vote.NJ.Gov**